

Kisa k ap pase nan lekòl leta NYC

[العربية باللغة الوثيقة هذه اعرض](#) / [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#) /

[查看本文件的中文版](#) / [Consultez ce document en français](#) / [Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen](#) /
[이 문서를 한국어로 보기](#) / [Consulte este documento en español](#) /
[بِهَا تَرْوِيزَ ارْدُو مِنْ ملحوظَه كرِين](#) / [Перевод документа на русский язык](#) /
schools.nyc.gov/messagesforfamilies

4 fevriye 2022

Mizajou pou Fanmi sa a bay enfòmasyon enpòtan sou dènye règleman sante ak sekirite nou yo. Regleman sa ap anvigè lendi 7 fevriye 2022.

Kontni:

- [**Tès COVID-19**](#)
 - [Plis tès COVID-19 nan lekòl](#)
 - [Kit tès pou fè lakay](#)
 - [Lokal tès COVID-19](#)
- [**Prezans**](#)

Tès COVID-19

Plis tès COVID-19 nan lekòl

An previzyon vakans Mitan Ivè a, n ap ogmante kantite elèv n ap mete nan pwogram tès siveyans owaza nan lekòl vil la. Apati 7 fevriye, lekòl yo pral teste sa ki bay pi gwo kantite nan youn nan sa yo:

- 10 poustan nan elèv lekòl la ki nan klas 1ye rive 12yèm ane, jiska yon limit 250 elèv
- 20 poustan nan popilasyon elèv lekòl la ki pa vaksinen

Chanjman sa a pèmèt lekòl ki gen anpil elèv ki pran vaksen yo pou teste yon pi gwo gwoup elèv chak semèn. Anplis, 10 poustan nan anplwaye yo ap kontinye kapab fè tès chak semèn.

Nou ankouraje tout fanmi pou bay konsantman yo pou tès nan lekòl la atravè kont lekòl Vil Nouyòk yo a (schoolsaccount.nyc) oswa pou voye yon fòm sou papye ki siyen nan lekòl la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon

sou tès COVID-19 nan lekòl yo ak vèsyon enprime fòm konsantman an nan plizyè lang nan schools.nyc.gov/covidtesting.

Fè tès se yon pati enpòtan nan kenbe lekòl yo ouvri ak pwoteje sante elèv, anplwaye ak vwazen nou yo. Nou remèsyé tout fanmi ki déjà bay konsantman yo pou fè tès la, pou sipò ak kolaborasyon ou pou kenbe kominote lekòl nou an sennesof.

Kit tès pou fè lakay

Pandan semèn 14 fevriye a, lekòl yo pral distribye kit tès rapid adomisil yo bay tout estaf ak elèv ki gen laj dezan oswa plis. Ou ka gade videoyo nan divès lang sou kòman pou itilize kit tès ou a nan schools.nyc.gov/HomeRapidTestKits.

Nou ankouraje tout estaf ak tout elèv seryezman pou yo pran yon tès rapid lakay yo **avan yo retounen lekòl 28 fevriye**, kèlkeswa sitiyasyon vaksinasyon yo. Estaf ak elèv pa oblige montre prèv yon rezulta tès negatif avan yo gen dwa pou retounen lekòl.

Si pitit ou a teste pozitif nan yon tès adomisil, pitit ou a dwe izole pou 5 jou si li nan klas K-12, oswa pou 10 jou si li nan yon salklas LYFE, EarlyLearn (tibebe ak timoun piti), 3K, oswa Pre-K, apre rezulta pozitif la. Tanpri kontakte lekòl pitit ou ye a imedyatman epi rapòte rezulta tès yo. Pou elèv K-12 ki teste pozitif pou COVID-19 epi ki nan izòlman lakay yo, y ap kontinye bay ansèyman asenkwan (anrejistre) adistans ak aksè nan lè biwo avèk pwofesè yo.

Si pitit ou a fin refè apre yon ka konfime COVID-19 nan dènye 90 jou yo, li pap resevwa yon kit epi li ka kontinye ale lekòl, amwenske li devlope sentòm ki sanble avèk COVID. Ou ka jwenn tablo ki dekri etap ou ta dwe pran si pitit ou a santi l malad, si li te ankontak avèk COVID-19, oswa si li teste pozitif pou COVID-19, nan schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness.

Lokal Tès COVID-19

Depatman sante ak ijyèn mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) kontinye ouvri nouvo lokal pou tès atravè senk borough yo. Nou ankouraje seryezman pou tout elèv fè tès COVID-19, atravè yon tès PCR, tès rapid laboratwa, oswa yon kit tès adomisil regilyèman, kèlkeswa kondisyon vaksinasyon yo. Pou jwenn yon lis lokal pou fè tès, ladan lokal ki gen tès rapid pou fè lakay ou, rele nan 212-COVID19, ale sou nyc.gov/covidtest, voye yon tèks ak mo "COVID TEST" nan 855-48, oswa rele 311 pou jwenn yon lokal tès bò lakay ou. Anplis, plizyè famasi ak klinik doktè ap ofri tès COVID-19 la. Tanpri kontakte klinik pedyat ou a oswa famasi ki bò lakay ou a pou wè si w ka pran yon randevou pou fè yon tès.

Prezans

Mizajou sou prezans

Avèk kantite ka COVID yo rapòte nan lekòl yo ki desann a 95% depi pi gwo vag Omicron an, nou mete règleman sou prezans ajou. Efektif imedyatman, pou elèv k ap patisipe nan ansèyman asenkwon (anrejistre) adistans, yo ka make yo prezan sèlman lè yo nan izolasyon an konfòmite avèk konsèy sante apre yon rezulta tès COVID-19 pozitif.

Lekòl ou a pral bay detay sou fason timoun ki nan sikontans sa yo ka jwenn aksè nan enstriksyon adistans ak lè biwo yo. Pou elèv ki absan pou lòt rezon ki pa rezulta tès COVID-19 pozitif oswa fèmti lekòl/bilding, y ap make yo absan epi yo p ap make yo prezan ankò pou ansèyman adistans.